

KATRIYÈM PATI

Priyè krétyin-an

PRÉMIÉ SÉKSION

Priyè-a nan lavi krétyin-an

PRÉMIÉ CHAPIT

Révélation priyè-a

Sé tout moun yo rélé pou priyé

ATIK 2

Lè tan-yo fîn bout

2598 Istoua (dram) priyè-a vîn révéle anplin pou nou nan Paròl-la ki tounin chè-a épi ki rété avèk nou-an. Chèché konprann priyè-l la antan nou apuiyé sou sa témouin-l yo anonsé nou osijè sa nan Évanjil-la, sé proché bò kot sin Granmèt Jézu tankou bò kot touf rajé ki t-ap flanbé-a: toudabò sé kontanplé-l lè l-ap priyé, après sa sé kouté kijan li aprann nou priyé, pou nou kapab konnin, alafin, kijan li kouté priyé nou-an.

Jézu ap priyé

2599 Pitit Bondié-a, ki tounin Pitit Vièj-la, dapré kè moun li té ginyin-an, li
470 té aprann priyé tou. Li aprann fòmul priyè-yo nan min manman-l ki té konsèvé épi médité nan kè-l tout « gran mèvèy » Sa-k gin Tout Pouvoua-a (cf. Lc 1, 49 ; 2, 19 ; 2, 51). Li priyé ak paròl épi nan tan priyè pèp li-a, nan sinagòg Nazarèt-la épi nan Tanp-la. Min priyè-l la t-ap jayi nan yon
584 sous ki pi sékrè, jan li-minm li té déjà fè santi sa lè-l té gin douz-an : « Sé nan afè Papa-m mouin gin pou-m rété » (Lc 2, 49). La-a sé nouvoté priyè-a ki kòmansé révéle nan plénitud tan-yo : *priyé tankou pitit*, sa Papa-a t-ap
534 tann nan min pitit li-yo, anfin pròp sèl Pitit li-a pral viv li nan kondision moun li-an ansanm ak moun-yo épi pou moun-yo.

- 2600 Évanjil dapré sin Luk-la souligné aksion Éspri-Sin-an épi sans priyè-a nan ministè Kris-la. Jézu priyé *anvan* moman désizif mision-l nan : anvan
 535 Papa-a bay témouagnaj osijè-l nan Batèm li-an (cf. Lc 3, 21) épi nan
 554, 612 Transfigirasion-l nan (cf. Lc 9, 28), épi anvan li réalisé projè rinmin Papa-
 a palintèmediè soufrans li-a (cf. Lc 22, 41-44). Li priyé tou anvan moman
 858, 443 désizif ki pral angajé Apot li-yo nan mision-an : anvan-l chouazi épi rélé
 Douz-yo (cf. Lc 6, 12), anvan Piè déklaré rékonèt li kòm « Kris Bondié-
 a » (cf. Lc 9, 18-20) épitou pou chèf Apot-yo pa défèt nan tantasion-an
 (cf. Lc 22, 32). Priyè Jézu-a anvan évenman salu-yo, sa Papa-a mandé-l
 pou-l akonpli-yo, sé yon rinnèt nan umilité ak konfians li rinnèt volonté-
 l kòm moun bay volonté Papa-a ki plin rinmin-an.
- 2601 « Rivé, pandan Jézu té yon koté, li t-ap priyé ; kon-l té sispann, youn
 nan disip li-yo té di-l : “Granmèt, aprann nou priyé, tankou Jan té aprann
 disip li-yo” (Lc 11, 1). Èské sé pa toudabò antan disip-la kontanplé Mèt-li
 k-ap priyé, li vîn anvri priyé tou ? Lè sa-a li kapab aprann sa apati Mèt
 2765 priyè-a. Sé antan pitit-yo *kontanplé* épi kouté Pitit-la, y-ap aprann priyé
 Papa-a.
- 2602 Anpil foua, Jézu ralé kò-l *pou kont*-li, nan mòn, pi souvan lannuit, pou-
 616 l priyé (cf. Mc 1, 35 ; 6, 46 ; Lc 5, 16). *Li poté moun-yo* nan priyè-l la,
 poutèt minm jan li pran sa moun-nan yé nan Inkarnasion-l nan, li ofri yo
 bay Papa-a antan-l ofri pròp tèt-li. Li-minm, Paròl-la ki « té pran chè-a »,
 nan priyè-l kòm moun li patisipé nan tout sa « frè-l yo » (He 2, 12) ap
 ékspérimanté nan lavi-a ; li souffri féblès yo avèk yo pou-l kapab libéré yo
 anba yo (cf. He 2, 15 ; 4, 15). Sé pou sa Papa-a té voyé-l. Paròl li-yo épi
 travay li-yo parèt lè sa-a kòm maniféstasion vizib priyé li-a « nan koté-k
 kaché-a ».
- 2603 Évanjélist-yo kinbé dé priyè Kris-la ki pi éksplisit pandan ministè li-a.
 2637 Toulèdé minm kòmansé ak yon aksion-d-gras. Nan premié-a (cf. Mt 11,
 25-27 et Lc 10, 21-23), Jézu déklaré rékonèt Papa-a, li konnin-l épi li fè
 konpliman pou li paské li kaché mistè Rouayòm li-an pou sa-yo ki pansé
 2546 yo savan-yo épi li révéle-l pito bay « sa-k tou piti-yo » (béatitud pòv-yo).
 494 Li trésayi antan-l di « Oui, Papa ! » sé konsa li ékspriyé fin-fon kè-l, kolé
 li rété kolé (adézion) sou « bon plézi » Papa-a, prèské tankou yon éko
 « *Fiat* » sa-a Manman-l té di lè li t-ap fòmé nan vant li-a épi prèské kòm
 préparasion sa li-minm li pral di Papa-a nan agoni-an. Tout priyè Jézu-a
 nan rinmin sa-a sé adézion kè-l nèt alé kòm moun nan « mistè volonté »
 Papa-a (Ep 1, 9).
- 2604 Dézièm priyè-a sé sin Jan ki rapòté-l (cf. Jn 11, 41-42) anvan
 rézireksion Lazar-la. Aksion-d-gras-la vini anvan évenman-an : « Papa,
 mouin fè konpliman pou ou, poutèt ou kouté-m », sa vlé di Papa-l toujou
 kouté sa-l mandé ; épi Jézu ajouté tousuit : « Mouin té konnin ou toujou
 kouté-m », sa vlé di Jézu, sou bò pa-l, toujou ap *mandé*. Konsa priyè Jézu-
 a ki gidé apati aksion-d-gras-la, révéle nou kijan pou nou mandé : *anvan*

- 478 yo ba-l kado-a, Jézu rété kolé ak Sa-a k-ap bay-la épi ki bay pròp tèt-li nan kado-l yo. Sa k-ap bay-la gin plis valè pasé sa l-ap bay-la, sé li-minm ki « Trézò »-a épi sé nan li-minm kè Pitit li-a yé ; yo bay kado-a « kòm dégi an plis » (cf. Mt 6, 21. 33).
- 2746 Priyè « sasèrdotal » Jézu-a (cf. Jn 17) gin yon plas spésial nan Prinsip k-ap réglé sovè nou sovè-a (Économie du salut). Nou pral konsidéré-l alafin premié séksion-an. Éféktivman li révéle Priyè Gran-Prèt nou-an ki toujou aktuèl épitou li gin an minm tan sa li-minm li aprann nou pou nou priyé Papa-a, sa nou pral ékspliké nan dézièm séksion-an.
- 2605 Lè lè-a té rivé pou-l té akonpli projè rinmin Papa-a, Jézu pèmèt nou ouè profondè priyè li kòm pitit, profondè yo pa kapab sondé-a, son sèlman anvan li rinmèt tèt-li libréman (« *Papa... sé pa volonté pa-m, min sé pa-ou la ki pou fèt* » : Lc 22, 42), min jous nan *Dènié paròl li-yo* sou koua-a, koté priyé épi bay pròp tèt li-a fè yon sèl : « Papa, padonnin yo ; sèké yo pa konnin ki sa y-ap fè » (Lc 23, 34) ; « Amèn, mouin di-ou, jodi-a minm ou-ap avèk mouin nan Paradi-a » (Lc 23, 43) ; « Madanm, min pitit ou. [...] Min manman-ou » (Jn 19, 26-27) ; « Mouin souaf ! » (Jn 19, 28) ; « Bondié mouin, Bondié mouin, pouki sa ou lagé-m nan ? » (Mc 15, 34 ; cf. Ps 22, 2) ; « Li fîn réalisé » (Jn 19, 30) ; « Papa, nan min-ou mouin rinmèt éspri-m » (Lc 23, 46), jous nan « gran rèl » li pousé lè souf-li koupé-a antan-l rinmèt éspri-a (cf. Mc 15, 37 ; Jn 19, 30b).
- 2606 Tout kè séré moun tout épòk-yo, ki ésklav péché-a ak lanmò-a, tout 403 démann ak intèsésion istoua salu-a ranmasé nan rèl sa-a Paròl-la ki tounin chè-a pousé-a. Min Papa-a aksépté yo épi, pi louin pasé tout éspoua, li 653 kouté yo antan-l résisité Pitit li-a. Konsa istoua (dram) priyè-a nan kréasion-an épi nan Prinsip ki réglé jan nou sovè-a (Économie du salut) akonpli épi fîn réalisé. Liv Psòm-yo ba nou klé dram sa-a nan Kris-la. Sé 2587 nan ‘jodi-a’ Rézireksion-an, Papa-a di : « Sé pitit mouin ou yé ; sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou. *Mandé-m, m-ap ba-ou nasion-yo kòm éritaj ou, propriété-ou sé limit tè-a* » (Ps 2, 7-8 ; cf. Ac 13, 33).

Lèt pou Ébré-yo éksprimé yon fason dramatik kijan priyè Jézu-a réalisé viktoua salu-a : « Li minm ki nan jou li té pasé nan chè-a, li té ofri priyè ak plint avèk gran rèl ak dlo nan jé kot sa-a ki té kapab sovè-l sot nan lanmò-a, priyè-l la jouinn rézilta poutèt li rabèsè tèt-li. Malgré sé Pitit li té yé-a, li té aprann obéyisans nan sa-l soufri yo ; lè-l fîn akonpli, li vîn tounin koz sovè nou sovè tout tan-an pou tout moun k-ap obéyi-l » (He 5, 7-9).

Jézu ap montré nou priyé

- 2607 Lè Jézu ap priyé, li déjà ap montré nou priyé. Chémin téologal priyé 520 nou-an sé priyè l-ap fè bay Papa-l la. Min Évanjil-la transmèt nou yon ansègnman éksplisit Jézu osijè priyè-a. Tankou yon profèsè, li pran nou koté nou yé-a épi ofiamézi li minnin nou kot Papa-a. Antan Jézu ap palé ak foul-yo k-ap suiv li-a, li avansé apati sa yo déjà konnin osijè priyè-a

dapré Ansyin Alians-la épi li ouvri yo nan nouvoté Rouayòm k-ap vini-an. Apré sa li révéle yo nouvoté sa-a nan parabòl-yo. Anfin, pou disip-yo ki doué tounin édikatè priyè nan Égliz li-a, li palé klèman ak yo osijè Papa-a ak Éspri-Sin-an.

- 2608
541, 1430 Dépi *Prèch sou Mòn*-nan, Jézu insisté sou *konvèsion* kè-a : osijè rékonsilasyon ak frè-a anvan yon moun prezanté ofrann sou lotèl-la (cf. Mt 5, 23-24), osijè rinmin pou ènmi-yo épi priyè pou sa k-ap pèsékité nou-yo (cf. Mt 5, 44-45), osijè priyé Papa-a « nan koté ki kaché-a » (Mt 6, 6), osijè pa rété ap répété anpil paròl (cf. Mt 6, 7), osijè padoné nan profondé kè-a nan priyè-a (cf. Mt 6, 14-15), osijè kè pròp-la épi chèché Rouayòm-nan (cf. Mt 6, 21. 25. 33). Konvèsion sa-a dirijé totalman koté Papa-a, épi li fè vîn pitit.
- 2609
153, 1814 Kè ki désidé konvèti konsa-a aprann priyé nan *lafoua*. Lafoua-a sé rété kolé (adézion) sou Bondié tankou yon pitit, pi louin pasé sa nou santi oubyin konprann. Li vîn posib paské Pitit yo rinmin-an té ouvri rout pou n-al jouinn Papa-a. Li kapab mandé nou pou nou « chèché » épi « frapé », paské sé li-minm ki pòt-la épi rout-la (cf. Mt 7, 7-11. 13-14).
- 2610
165 Minm jan Jézu priyé Papa-a épi fè aksion-d-gras anvan li résévoua kado-l yo, konsa tou li anségné nou kalité *odas tankou pitit* sa-a : « Tou sa nou mandé nan lapriyè, sé pou nou kouè n-ap résévoua-l » (Mc 11, 24). Sé sa ki fòs priyè-a, « tout bagay posib pou moun ki kouè » (Mc 9, 23), yon lafoua ki pa ézité (Mt 21, 22). Otan Jézu gin chagrin « poutèt mank lafoua » moun ki pròch li-yo (Mc 6, 6) épi poutèt ti lafoua disip li-yo (Mt 8, 26), otan li gin admirasyon dévan gran lafoua santurion romin-an (Mt 8, 10) épi madanm Kanaan-an (Mt 15, 28).
- 2611
2827 Priyè lafoua-a sé pa sèlman rété ap di « Granmèt, Granmèt », min sé akòdé kè-a pou fè *volonté Papa-a* (Mt 7, 21). Jézu rélé disip li-yo pou yo poté angajman sa-a pou kolaboré nan projè Bondié-a nan priyè-a (cf. Mt 9, 38 ; Lc 10, 2 ; Jn 4, 34).
- 2612
672
2725 Nan Jézu, « Rouayòm Bondié-a toupré » (Mc 1,15), li rélé vîn nan konvèsion épi nan lafoua, min tou pou gin *vijilans*. Disip-la véyé nan priyè-a ak atansyon pou sa-a ki la épi k-ap vini-an antan-l sonjé premié Avènman-l nan, nan umilitéè chèn-a épi nan éspérans dézièm foua l-ap tounin nan gloua-a (cf. Mc 13 ; Lc 21, 34-36). Nan kominion avèk Mèt yo-a, priyè disip-yo sé yon konba, épi sé antan yo véyé nan priyè-a yo pap antré nan tantasyon-an (cf. Lc 22, 40. 46).
- 2613
546 Sin Luk transmèt nou toua *parabòl* prinsipal osijè priyè-a :
- Prémié-a, « zanmi k-ap déranjé-a » (cf. Lc 11, 5-13), invité *insisté* nan priyè-a : « Frapé y-a louvri ba nou ». Moun k-ap priyé konsa-a Papa ki nan sièl-la ap ba li ninpòt sa li gin bézouin, pi plis toujou l-ap ba li Éspri-Sin-an ki gin tout kado nan li.

Dézièm-nan se « vèv k-ap déranjé-a » (cf. Lc 18, 1-8), li santré sou youn nan kalité priyè-a : « fò yo toujou ap priyé, san yo pa janm sispann », avèk *pasians* lafoua-a. « Sèlman, lè Pitit moun-nan va rivé, èské nou kouè l-ap jouinn lafoua sou tè-a ? ».

2559 Touazièm parabòl-la, « Farizyin-an ak piblikin-an » (cf. Lc 18, 9-14), konsèné *umilité* kè k-ap priyé-a : « Bondié, pitié pou mouin péchè ». L'Égliz-la pa sispann fè priyè sa-a tounin priyè pa-l : « *Kyrie eleison* ! ».

2614 Lè Jézu konfié mistè priyè Papa-a bay disip li-yo aklè, li fè yo dékouvri sa priyè yo-a ak priyè nou-an t-a doué yé, lè l-a tounin kot Papa-a ak kondision moun li-an ki antré nan gloua-a. Sa-k nouvo koulié-a sé « mandé *nan Non-l* » (Jn 14, 13). Lafoua nan li-a introdui disip-yo nan konésans Papa-a, paské Jézu sé « Chémin-an, Vérité-a épi Lavi-a » (Jn 14, 6). Lafoua-a donnin frui nan rinmin-an : kinbé Paròl li-a, kòmandman-l yo, rété ansanm avèk li nan Papa-a ki rinmin nou jous li abité nan nou. Nan Nouvo Alians sa-a, asirans yo tandé sa nou mandé-yo fondé sou priyè Jézu-a (cf. Jn 14, 13-14).

2615 Plis toujou, lè nou fè priyè nou-an fè youn ak priyè Jézu-a, Papa-a ba nou « yon lòt Avoka, pou-l rété avèk nou pou tout tan : Éspri vérité-a » (Jn 14, 16-17). Nouvoté priyè sa-a ak kondision-l yo parèt palintèmédiè Diskou orévoua-a (Discours d'adieu) (cf. Jn 14, 23-26 ; 15, 7. 16 ; 16, 13-15 ; 16, 23-27). Nan Éspri-Sin-an, priyè krétyin-an sé kominion rinmin avèk Papa-a, pa sèlman palintèmédiè Kris-la, min tou *nan li-minm* : « Jous koulié-a nou pa mandé anyin o non-m. Mandé, n-ap jouinn, pou kè-nou kapab kontan nèt » (Jn 16, 24).

Jézu kouté priyè-a

2616 Yo té kouté priyè ki adrésé *bay Jézu* déjà nan tan ministè li-a palintèmédiè sign-yo ki t-ap antisipé fòs Lanmò-li ak Réziréksion-l nan : Jézu kouté priyè lafoua-a ki éksprimé ak paròl (lépré-a : cf. Mc 1, 40-41 ; 548 Jayir : cf. Mc 5, 36 ; kananéèn-nan : cf. Mc 7, 29 ; bon laron-an : cf. Lc 23, 39-43) oubyin an silans (moun ki t-ap poté paralitik-la : cf. Mc 2, 5 ; madanm ki té gin ékoulman san-an ki touché rad li-a : cf. Mc 5, 28 ; dlo nan jé épi losion bon lodè péchrès-la : cf. Lc 7, 37-38). Insistans démann avèg-yo : « Pitié pou nou, pitit David » (Mt 9, 27) oubyin « Pitit David, pran pitié pou mouin » (Mc 10, 48) yo réprann li nan tradision *Priyè ki adrésé bay Jézu-a* : « Jézu, Kris, Pitit Bondié, Granmèt pran pitié pou mouin, péchè ! ». Antan-l géri malad-yo oubyin li padonnin péché-yo, Jézu toujou ap réponn priyè yo fè-l ak lafoua : « Alé an pè ; lafoua-ou sovè-ou ! ».

Sint Ogustin rézimé trè byin toua dimansion priyè Jézu-a : « Li priyé pou nou kòm Prèt-nou, li priyé nan nou kòm Tèt-nou, nou priyé-l kòm Bondié-

nou. Nou rékonèt donk voua-nou nan li-minm épi voua-l nan nou-minm » (Psal. 85, 1 ; cf. IGLH 7).

Priyè Sint Vièj Mari-a

- 2617 Yo révéle priyè Mari-a ba nou nan dévan-jou plénitud tan-yo. Anvan
148 Inkarnasion Pitit Bondié-a épi anvan yo bay Éspri-Sin-an, priyè Mari-a
kolaboré yon fason patikilié nan projè byinvéyans Bondié-a, lè
494 Anonsiasion-an pou Kris-la vîn fèt nan vant (cf. Lc 1, 38), lè Pantkot-la
pou l'Égliz-la, kò Kris-la, kapab fòmé (cf. Ac 1, 14). Nan lafoua sèvant li-
a ki pòv-la, kado Bondié-a jouinn akèy li t-ap tann dépi kòmansman tan-
yo. Li-minm sa-k gin Tout-Pouvoua-a té fè-l « plin ak lagras-la », li
490 réponn ak ofrann tout li-minm : « Min sèvant Granmèt-la ; sé pou sa fèt
nan mouin dapré paròl ou-a ». « *Fiat* » krétyin-an sé priyè-a : nou pou li
toutantié paské li pou nou toutantié.
- 2618 Évanjil-la révéle nou kijan Mari priyé épi intèsédé nan lafoua : nan
2674 Kana (cf. Jn 2, 1-12) Manman Jézu priyé Pitit-li pou nésésité invité nòs-
yo, sign yon lòt Résépsion, nòs Mouton-an ki réponn démann l'Égliz-la,
Épouz li-a, antan-l ba-l Kò-l ak San-l. Sé nan lè Nouvo Alians-la, bò kot
726 koua-a (cf. Jn 19, 25-27), yo kouté Mari, kòm Madam-nan, Nouvo Èv-la,
véritab « Manman vivan-yo ».
- 2619 Sé pou sa, kantik Mari-a (cf. Lc 1, 46-55 « *Magnificat* » latin-an,
« *Mégalyinarion* » bizantin-an), sé an minm tan kantik Manman Bondié-a
épi kantik l'Égliz-la, kantik Pitit Fi Siyon-an épi kantik nouvo pèp
724 Bondié-a, kantik aksion-d-gras pou plénitud lagras ki vidé nan Prinsip k-
ap dirijé salu-a (Économie du salut), kantik « pòv-yo », yo-minm éspérans
yo réalizé-a palintèmediè akonplisman promès yo té fè bay papa nou-yo
« Abraam ansanm ak ras-li pou tout tan ».

RÉZIMÉ

- 2620 *Nan Nouvo Téstaman-an, modèl priyè ki apouin nèt-la li nan priyè
Jézu kòm Pitit-la. Antan Jézu fè-l anpil foua pou kont-li, nan koté ki
kaché, priyè Jézu-a inpliké yon rinmin anplin ak yon rété kolé sou
volonté Papa-a jous sou koua-a épi yon konfians total y-ap kouté-l.*
- 2621 *Nan ansègnman-l nan, Jézu aprann disip li-yo priyé ak yon kè pròp,
yon lafoua ki vivan k-ap pèsévéré, ak odas yon pitit. Li rélé yo pou yo
véyé épi li invité yo pou yo prezanté démann yo bay Bondié nan Non-l.
Jézu li-minm kouté priyè yo adrésé-l yo.*
- 2622 *Priyè Sint Vièj Mari fè nan « Fiat » li-a épi nan « Magnificat »-la, sé
sign ofrann total pròp tèt-li ak kè ouvè nan lafoua.*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
apré-a](#)